

# Tom machann fig lan

-  Humphreys Odunga
-  Zablon Alex Nguku
-  ACE Haiti-University of Notre Dame USA
-  2
-  krèyol ayisyen 



Tom ap mache ak yon panyen fig sou tèt li.



Tom pral vann fig li yo nan mache a.



Moun yo ki nan mache a abitye achte fwi.



Men okenn nan yo pap achte fwi nan men  
Tom. Yo pito achte fwi nan men medam yo.



Nan kominote nou se fi sèlman ki vann fwi.  
Moun yo kòmanse pale sou Tom "Ki kalite  
gason sa a ye?"



Men Tom pa kite sa dekouraje'l. Lap rele « Achte fig mwen yo...Achte fig mwen yo. Fig mwen yo mi, fig yo dous.”



Yon madanm deside achte yon rejim fig nan  
men Tom. Li enspekte chak fig apa.



Lòt medam yo achte kèk fig tou.



Lòt moun kòmanse rive. Yo achte fig Tom yo  
enpi yo manje yo.



Anvan lontan Tom pa te gen fig ankò. Li konte lajan li.



Ak lajan sa a Tom achte savon, sik ak pen. Li mete tout bagay sa yo nan panyen'l.



Tom balanse panyen an sou tèt li epi li rantre lakay li.



# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

**Tom machann fig lan**

-pencil icon Humphreys Odunga

checkbox icon Zablon Alex Nguku

document icon ACE Haiti-University of Notre Dame USA

